



Kanpis Shattuck nan Morton Street Prezantasyon pou Manm Kominote a



EOHHS




DIVISION OF
CAPITAL ASSET
MANAGEMENT &
MAINTENANCE


Tradiksyon

Reyinyon an dirèk jodi a pral fèt an Anglè, epi tradiksyon yo ap disponib an Panyòl, Kreyòl Ayisyen, ak Arab. **TOUT patisipan yo, tanpri chwazi yon lang:**


- Jwenn ikòn "Entèpretasyon" sou ekran ou a:



- Chwazi lang ou pi pito a:



- Yon fwa ou fin chwazi lang ou pi pito a, w ap tande reyinyon an nan lang sa a. Note byen w ap tou tande reyinyon an andirèk an Anglè pa anba tou piti. Si w pi pito tande SÈLMAN lang ou chwazi a, klike sou "Mete Odyo Orijinal la sou Silans":



Lojistik Reyinyon an

Ou gen kesyon?

- Nou ap rezève tan pou K&R apre prezantasyon yo
- Soumèt kesyon nan bwat K&R, oswa leve men w pandan K&R yo
- Lè w ap pale, tanpri pa fè anpil tan pou bay lòt moun opòtinite pou yo patisipe

Ou vle bay fidbak apre reyinyon sa a? Soumèt kesyon yo ak kòmantè yo bay shattuckcampus.dcam@mass.gov oswa bay fidbak ou nan mortonstreetredevelopment.org nenpòt lè l ye a.

Pwoblèm ak teknoloji? Voye yon nòt atravè seksyon Kesyon ak Repons lan



Ajanda Commonwealth

21 jen 2023

Commonwealth la deziyen pwovizwaman yon Kowalisyon Sant Medikal Boston an ap dirije pou redevlope Kanpis Shattuck la.

Kowalisyon BMC dirije a ap chèche fidbak kounye a

- I. Istorik Sit la
- II. Vizyon Redevlopman ak Pwosesis RFP
- III. Deziyasyon Pwovizwa



Istorik Sit la

- Sit Shattuck la te transfere nan Commonwealth soti nan Boston nan lane 1949
- Restriksyon sou aksyon yo limite itilizasyon sante piblik
- Lopital Shattuck ap deplase pou ale chita kò li nan South End an 2026
- Pwogram sou Twoub Akòz Itilizasyon Sibstans akabri founisè yo ap jere a p ap deplase ak Lopital la

Sèvis sante piblik aktyèl founisè yo ap jere a	
Pwogram Tretman Opyoid (Opioid Treatment Program, OTP)	300 jiska 400 vizit chak jou
Kabann pou tretman rezidansyèl SUD	158 kabann
Kabann Ebèjman Ijans 24/24, 7/7	30 kabann (120 kabann pre-Covid)
Kabann Lojman Tanporè	24 kabann

Pwosesis Vizyon Kominotè

- 2018 jiska 2019
- Kote ki enfòmè l la:
 - Komite Konsèy Kominotè ki gen plis pase 20 manm
 - Twa (3) reyinyon piblik
 - Kolaborasyon moun ki gen enterè yo
- Mennen nan:
 - Plan Vizyon
 - Evalyasyon Bezwen Sante Piblik
 - Demann Enfòmasyon (Request for Information, RFI)

Reyinyon Kominotè, janvye 2019



Demann pou Pwopozisyon

- RFP pibliye nan mwa jen 2022
- Obligatwa:
 - Minimòm 75 jiska 100 inite lojman sipò pèmanan
 - Espas klinik pou tretman Twoub Akòz Itilizasyon Sibstans ("Substance Use Disorder, SUD")
 - Pwogram Tretman Opyoid
 - Gwo kantite espas ouvè ki disponib pou piblik la
- RFP fleksib nan gwosè, echèl, konbinezon ak etap



Repons pou Demann pou Pwopozisyon

- Yo te resevwa yon repons RFP, nan men Kowalisyon BMC dirije, san wete patnè founisè sèvis ki gen anpil eksperyans nan devlopman byen imobilye ak bay sèvis
- Twa (3) kategori prensipal pou evalyasyon:
 1. Aliyman avèk plan vizyon ak evalyasyon bezwen yo
 2. Dosye moun ki fè pwopoze yo
 3. Posibilite

Deziyasyon Pwovizwa

Pwopozisyon BMC a gen potansyèl pou transfòme peyizaj tretman pou sanzabri ak sante konpòtman nan Massachusetts, epi li kapab tabli presedan nan tout peyi a

- Nan dat 21 jen 2023, Komisè DCAMM Gladstone te pibliye yon Lèt Deziyasyon Pwovizwa.
- Deziyasyon pwovizwa se pa yon angajman finansman ki soti nan Commonwealth la
- Se responsablite BMC pou jwenn pèmi ak finansman
- Deziyasyon pwovizwa pèmèt BMC angaje ak piblik la ak moun k ap deside yo



Redevlopman Kanpis Shattuck nan Morton Street
15 out 2023

Ajanda

Definisyen

Vizyon Nou

Ekip Nou an

Pwopozisyon Nou

Kak R

DEFIA

Defi N ap Fè Fas ak Li Jodi a

Mank kapasite

Mank swen kowòdone

Sistèm swen yo echwe pou
moun jodi a

Enpak disproporsyone sou
kominote nwa yo

Mank lojman

Nou pwopoze yon
nouvo modèl swen
ki pral yon eleman
nan pi gwo solisyon
pou abòde defi sa
yo

Kondisyon RFP Eta a Dekri yo

- Sèvis swen sante fizik ak konpòtman entegre pou moun yo pa byen desèvi yo
- Twoub ki gen rapò ak itilizasyon sibstans (Substance Use Disorder, SUD) ak sèvis sante mantal
- Lojman ki an sekirite, ki estab ak sipò (minimòm 75 jiska 100 nouvo inite)
- Ogmantasyon espas vèt
- Opsyon transpò amelyore

Vizyon Nou



Yon kominote ak yon kote ki bay yon **kontinite swen**—avèk yon sèvis **konplè** ak **kowòdone** pou **pasyan** ki entène, resous **pasyan ekstèn**, **lojman ijans**, ak opòtinite **lojman sipò** ki fèt pou **ankouraje rekiperasyon** ak **gerizon** nan yon bèl anviwònman **kominotè**

EKIP NOU

Patenarya òganizasyon kominotè ki lidè nan tretman ak lojman

THE **C**OMMUNITY
BUILDERS

BOSTON
MEDICAL
CENTER

 **JPND**




Yon nouvo Kanpis Morton Street

Bilding pou Sèvis Klinik
Kabann pou pasyan ki entène ak sèvis
pou pasyan ekstèn

Abri Ijans ak Bilding Lojman Sipò
Pèmanan
Lojman ijans ak sipò


Bilding Lojman Sipò pou Fanmi
Lojman sipò pou fanmi ak sèvis sipò

Nouvo Espas Vèt Piblik




ESPAS OUVÈ

Retounen Espas Vèt nan Kominote a




Plan sit ki la deja



Plan sit yo pwopoze

ESPAS OUVÈ

Egzanp ekipman
potansyèl nou
espere kreye



Pwopozisyon parapò ak Itilizasyon Istorik Sit la

1954



Lopital Shattuck ak Blding Pèsonèl

10 jiska 12 etaj
Pakin/ale ki 295,000 pye kare
<espas ouvè 2.9 kawo

2023



Lopital Shattuckjodi a

12 etaj
Pakin/ale ki 305,755 pye kare
Espas ouvè, pyeton, oswa plas 3.4
kawo



Pwopozisyon Devlopman Alavni

6 etaj
Pakin/ale ki 64,750 pye kare
Espas ouvè, pyeton, oswa plas 7.1 kawo

Chanjman nan pwogramasyon an:
26 kabann an mwens
405 nouvo inite lojman

472 kabann total
o inite lojman sipò

446 kabann total
405 inite lojman sipò

Pwopozisyon Sistèm Swen Kontini Nou an



Bilding sèvis klinik (272 kabann)

- Swen alontèm ak swen entansif pou twoub ki gen pou wè ak konsomasyon sibstans ak maladi mantal yo (ak yon konsèvasyon sèten sèvis ki deja egziste)
- Konsepsyon ki konsantre sou twomatis epi ki mete aksan sou diyite ak sekirite
- Moun ki ap pran swen entansif yo ta reprezante mwens pase 10% popilasyon sit la



Lojman sipò pèmanan (200 inite) + kabann ijans k ap kontinye disponib pouabri/itilizayson tranzisyonèl (174 kabann)

- Lojman sipò endividyèl + jesyon dosye
- Fòmasyon pwofesyonèl, konsèy, aktivite lwazi, ak aktivite relijye
- Lokatè yo siyen ak peye lwaye a




Lojman sipò pou fanmi (205 inite)

- lojman sipò pou fanmi + jesyon dosye, pou ede rezoud yon pwoblèm patikilye sou kantite kay a bon pri ki prèske pa egziste pou fanmi lokal yo
- Sèvis gadri pou timoun, biwo fòmasyon finansyè, swen sante mantal pou fanmi yo
- Lokatè yo siyen ak peye lwaye a

Prensip Planifikasyon nou yo

- Travay avèk **kominote a pou fòme devlopman an**
- Entegre kanpis Morton Street ak Franklin Park ak **ogmantasyon espas vèt**
- Amelyore **koneksyon ak katye yo** ak opsyon transpò piblik, bisiklèt ak pyeton
- Itilize estrateji **devlopman dirab**
- Aplike yon modèl ki **diminye baryè fas ak tretman an**, entegre swen atravè sistèm swen sante/lojman yo, epi ogmante òf lojman sipèvize pèmanan

Pwosesis jiska Jodi a



Nou te tande kèk nan
enkyetid ou yo ...

Sekirite nan pak

Echèl pwojè a

Sikilasyon

Koneksyon ak Pak la ak Kominote yo

Espas vèt ak itilizasyon piblik

Angajman kominote a ak pwochen etap yo

... epi yo pral abòde enkyetid sa yo ak lòt moun pandan n ap angaje avèk ou ak lòt moun ki gen enterè yo

Plizyè opòtinite pou kominote a angaje avèk ekip nou an nan mwa k ap vini yo



Jounen pòt ouvè nan kominote a

An pèsòn

- Opòtinite pou **konvèsasyon enfòmèl 1-a-1** ak manm Kowalisyon atravè **plizyè estasyon** pou chak eleman nan pwojè a



Seri reyinyon kominotè sou sijè espesifik

An pèsòn/vityèl

- Lòt **reyinyon** ak **sesyon travay** pou diskite **chak eleman nan pwojè a** nan plis detay epi resevwa fidbak



Patisipasyon nan reyinyon/evènman kominotè ki la deja

An pèsòn/vityèl

- Travay avèk **òganizasyon kominotè** pou rezève tan nan ajanda a pou lòt reyinyon ki gen pou fèt
- Opòtinite pou **òganizasyon kominotè** yo poze kesyon epi bay fidbak nan yon **fowòm yo deja ap itilize**

Pwochen etap yo

- Anpil sansibilizasyon ak angajman kominotè
- Repase sou plan yo pwopoze ak pwogramasyon yo an piblik
- Adapte ak rafine pwogram konseptyèl ak konsepsyon espas piblik ak opinyon kominote a
- Kòmanse negosyasyon yo avèk Commonwealth la ak Vil la

Tanpri ale sou mortonstreetredevelopment.org pou jwenn plis enfòmasyon

Kesyon ak Repons

Vin patisipe ak nou nan pwochen evènman an nou an:

Yon pòt ouvèt kominotè an pèsòn nan dat 19 septanm a 5:30 nan apremidi

Tanpri ale sou mortonstreetredevelopment.org pou jwenn plis enfòmasyon, pou bay non w pou w benefisye nouvo bagay san bliye lòt aktivite ki gen pou fèt alavni yo, epi pou kite fidbak oswa kesyon w genyen yo. Ou akpab voye kesyon w ak fidbak ou yo nan shattuckcampus.dcammm@mass.gov. tou.